

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN


Ieu bab medar métodeu panalungtikan anu ngawengku, (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) ngumpulkeun data anu ngawengku kana instrument tur téhnik ngumpulkeun data, jeung (4) analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Ieu panalungtikan asup kana panalungtikan kuantitatif, sabab data dina ieu panalungtikan nyaéta mangrupa skor kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman. Lian ti éta ogé aya data nu mangrupa informasi kualitatif nyaéta basa sapopoé. Dina ieu panalungtikan digunakeun métode korélasional, nyaéta métode anu dipaké pikeun maluruh tingkat hubungan antara dua variabel atawa leuwih, tanpa ayana parobahan, tambahan atawa manipulasi kana data anu geus aya. Variabel anu dikorélasikeun nyaéta makéna basa sapopoé (X) jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman (Y).

Desain pikeun panalungtikan korélasional numutkeun Sugiyono (2016, kc. 236) bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

Gambar 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Data nyaéta sumber informasi minangka bahan anu bakal dianalisis. (Siswantoro, 2010. kc.70). Data dina ieu panalungtikan nyaéta makéna basa sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman siswa kelas X-A SMK YAPPRI Jatinunggal Taun Ajaran 2016/2017. Ari sumber data nyaéta subyék timana data dimeunangkeun. (Arikunto, 2013, kc. 172). Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas X-A SMK YAPPRI Jatinunggal Taun Ajaran 2016/2017, anu ngawengku 16 siswa awéwé jeung 9 siswa lalaki.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta angkét, lembaran tés, jeung kartu data.

1) Angkét

Angkét nyaéta téhnik ngumpulkeun data kucara méré sajumlahing pananya tinulis ka réspondén pikeun meunangkeun jawaban. Sugiyono (2015, kc. 199). Téhnik angkét dina ieu panalungtikan nyaéta angkét tertutup, anu eusina geus disadiakeun, réspondén tinggal milih jawabanna. Angkét diperlukeun dina ieu panalungtikan pikeun ngajaring data basa jeung undak usuk basa nu dipaké ku siswa kelas X - A SMK YAPPRI Jatinunggal. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap aya kisi-kisi angkét nu geus diuji ku tim ahli, udaganna pikeun meunangkuen data basa sapopoé siswa kelas X - A SMK YAPPRI Jatinunggal Taun Ajaran 2016/2017.

Tabél 3.1
Kisi-Kisi Angkét

Variabel	Indikator	No. Soal
(1)	(2)	(3)
Basa Sapopoé	1) Basa nu dipaké di lingkungan kulawarga:	
	(1) ka bapa;	3,6,9
	(2) ka indung;	4,7,10
	(3) ka adi tawa lanceuk	5,8,11
	2) Basa nu dipaké di lingkungan sakola:	
(1) ka babaturan	12,13,16	
(2) ka guru	14,15	

Tita Oktavian, 2017

HUBUNGAN PENGGUNAAN BAHASA SEHARI-HARI DENGAN KEMAMPUAN MENGGUNAKAN TATAKRAMA BASA DALAM MENULIS DIALOG SISWA KELAS X-A SMK YAPPRI JATINUNGGAL TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	3) Basa nu dipaké ka tatangga 4) Basa nu dipaké keur balanja 5) Basa nu dipaké di media sosial <i>(facebook, twiter, path)</i> . 6) Sélér bangsa indung. 7) Sélér bangsa bapa.	17,18,19 20 21 2 1
Ragam Basa : 1) Hormat (1) hormat keur sorangan; jeung (2) hormat keur batur. 2) Loma (sedeng/cohag)	1) Ragam basa nu dipaké di lingkungan kulawarga: (a) ka bapa; (b) ka indung; (c) ka adi atawa lanceuk; 2) Ragam basa nu dipaké di lingkungan sakola: (a) ka guru; jeung (b) ka babaturan. 3) Ragam basa nu dipaké di lingkungan masarakat 4) Ragam basa nu dipaké keur balanja 5) Ragam basa nu dipaké di media sosial <i>(facebook, twiter, path)</i> .	22,25,28 23,26,29 24,27,30 31,34 32,33, 35 36,37,38 39 40

2) Lembaran Tés

Instrumén séjén nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés hartina saruntuyan patalékan, latihan, atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, atawa bakat anu dipibanda ku individu atawa kelompok Arikunto (2013, kc. 193). Dumasar kana kapentingan panalungtikan, diperlukeun ayana data anu kongkrit. Ku kituna, téhnik tés anu dilakukeun dina wangun tulisan, nyaéta méré tugas ka siswa nyieun téks paguneman. Aspék anu ditalungtikna nyaéta ngeunaan kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulisna. Anapon format lembar tés nulis paguneman, saperti ieu di handap.

Tabel 3.2
Lembar Tés Paguneman

<p>Pancén</p> <p>Cik pék ku hideup jieun hiji paguneman dumasar judul ieu di handap, kalayan ngalarapkeun tatakrama atawa undak usuk basa Sunda anu merenah!</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Nganjang ka imah lanceuk 2. Nganteur indung ka pasar 3. Lalajo méngbal bareng 4. Nguseup bareng jeung bapa 5. Ngobrol jeung bapa/ibu guru ngeunaan tugas <p>Pigawé dina lambar jawaban. Tong poho tulis ngaran jeung kelas!</p>
--

3) Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data siswa ngagunakeun undak usuk basa Sunda anu aya dina téks paguneman. Format kartu datana, digambarkeun saperti ieu di handap.

Tabel 3.3
Kartu Data

Conto Kalimah.....		
Kode Siswa	: S.01	(S.01/K.01)
Kode Kalimah	: K.01	
Undak Usuk Basa Sunda	:	
Larapna	:	
Basa Loma	:	
Basa Hormat	:	
(a) sorangan	:	
(b) batur	:	
Kasalahan	:	
nu dipaké	:	
kuduna	:	

Keterangan :

S.01 : siswa nurutkeun absén

K.01 : kalimah ka sabaraha

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sugiyono (2015, kc. 308) ngécéskeun yén téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu pangutamana pikeun meunangkeun data dina panalungtikan. Aya dua téhnik nu dipaké pikeun ngajaring data dina ieu panalungtikan, nyaéta téhnik angkét jeung téhnik tés.

1) Téhnik Angkét

Angkét nyaéta téhnik ngumpulkeun data kucara méré sajumlahing pananya tinulis ka réspodén pikeun meunangkeun jawaban. Sugiyono (2015, kc. 199).

Téhnik angkét dina ieu panalungtikan nyaéta angkét tertutup, anu eusina geus disadiakeun, réspodén tinggal milih jawabanna. Téhnik angkét dipaké pikeun maluruh basa jeung tatakrama mana nu remen dipaké ku siswa kelas X-A SMK YAPPRI dina kagiatan sapopoéna.

Tita Oktavian, 2017

HUBUNGAN PENGGUNAAN BAHASA SEHARI-HARI DENGAN KEMAMPUAN MENGGUNAKAN TATAKRAMA BASA DALAM MENULIS DIALOG SISWA KELAS X-A SMK YAPPRI JATINUNGGAL TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Basa dina kagiatan sapopoé dipaké waktu nyarita, ménta tulung, jeung ngasms anu dipaké di lingkungan kulawarga (ka indung, ka bapa, ka adi, ka lanceuk, jeung ka dulur), di lingkungan sakola (ka babaturan, jeung ka guru), jeung di lingkungan masarakat (ka tatangga, waktu balanja, jeung media sosial). Pananya séjénna nyaéta sélér bangsa indung, jeung sélér bangsa bapa.

Anapon ragam basa dina kagiatan sapopoé ngawengku ragam basa waktu nyarita, ménta tulung, jeung ngasms anu dipaké di lingkungan kulawarga (ka indung, ka bapa, ka adi, ka lanceuk, jeung ka dulur), di lingkungan sakola (ka babaturan, jeung ka guru), jeung di lingkungan masarakat (ka tatangga, waktu balanja, jeung media social). Téhnik Tés

Tés nyaéta saruntuyan patalékan, latihan, atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, atawa bakat anu dipibanda ku individu atawa kelompok (Arikunto 2013, kc. 193). Tés dibédakeun jadi tés buatan guru jeung tés standar. Éta tés udaganna pikeun ngukur préstasi diajar siswa. (Nurgiantoro, 1995, kc. 60). Anapon nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés buatan guru.

Dumasar kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Nyebarkeun angkét ka siswa kelas X-A SMK YAPPRI Jatinunggal Taun Ajaran 2016/2017; jeung
- 2) Ngalaksanakeun tés nulis paguneman kalawan ngalarapkeun tatakrama basa dina nulisna ka siswa kelas X-A SMK YAPPRI Jatinunggal Taun Ajaran 2016/2017.

3.4 Analisis Data

Sabada data geus dikumpulkeun, tuluy dianalisis. Ari léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Analisis basa jeung ragam basa nu dipaké sapopoé ku siswa di lingkungan kulawarga, lingkungan sakola, lingkungan masarakat, ragam basa nu dipaké balanja, ragam basa nu dipaké nitah, ragam basa nu dipaké nga-sms, sarta ragam basa nu dipaké di media sosial *facebook*, *twitter*, *path*, *jrrd*. (ngasupkeun data kana *coding form*);

2) Analisis kamampuh ngalarapkeun basa dina nulis paguneman. Aspék nu diajénna nyaéta merenahna undak usuk basa nu dipaké. Dina nganalisis paguneman, dilakukeun tahapan saperti di handap ieu:

(1) Meunteun kamampuh siswa

$$N = \frac{\sum B}{\sum T} \times 100$$

N = perséntase kamampuh siswa
 $\sum B$ = jumlah kecap nu bener
 $\sum T$ = jumlah kecap (UUBS) nu dipaké

(2) Nangtukeun patokan niléy

Tabél 3.4
Nangtukeun Patokan ku Cara Ngitung Perséntase keur Skala Lima

Interval Presentase Tingkat Ngawasa	Nilai Ubahan Skala Lima		Keterangan
	1 – 4	D – A	
86% -100%	4	A	Alus pisan
76% - 85%	3	B	Alus
56% - 74%	2	C	Cukup
10% - 55%	1	D	Kurang

(Nurgiantoro, 2013, kc. 253)

(3) Analisis basa loma jeung basa hormat (keur sorangan jeung batur)

Analisa basa loma jeung basa hormat maké ukuran préstasi anu dihontal ku siswa dina hiji kelompok.

a) Indéks préstasi kelas

Nurgiantoro (2013, kc. 266), nétélakeun rumus indéks préstasi kelas saperti ieu di handap.

$$\text{Indéks Préstasi Kelas} = \frac{X}{\text{Skor Maks}} \times 100$$

b) Kamampuh ngagunakeun basa loma

$$Lm = \frac{X}{Y} \times 100$$

Keterangan:

X = jumlah basa loma nu merenah

Y = jumlah basa loma nu dipaké

Lm = perséntase larapna basa loma

c) Kamampuh ngagunakeun basa hormat keur sorangan

$$Ls = \frac{X}{Y} \times 100$$

Keterangan:

X = jumlah basa lemes keur sorangan nu merenah

Y = jumlah basa lemes keur sorangan nu dipaké

Ls = perséntase larapna basa lemes keur sorangan

d) Kamampuh ngagunakeun basa hormat keur batur

$$Lb = \frac{X}{Y} \times 100$$

Keterangan:

X = jumlah basa lemes keur batur nu merenah

Y = jumlah basa lemes keur batur nu dipaké

Lb = perséntase larapna basa lemes keur batur

- 3) Ngitung korélasi jeung uji hipotésis kalawan ngagunakeun rumus korélasi kontigénsi. Léngkah-léngkah ngitung korélasi jeung uji hipotésis nyaéta saperti ieu di handap.
- (1) Ngitung perséntase kamampuh ngalarapkeun undak-usuk basa dina nulis paguneman siswa masing-masing kategori;
 - (2) Nyieun tabél kontigénsi frékuénsi ekpektasi/harapan;
 - (3) Ngitung niléy X^2 , kalawan ngagunakeun rumus :

$$X^2 = \sum_{i=1}^b \sum_{j=1}^k \frac{(O_{ij} - E_{ij})^2}{E_{ij}}$$

Keterangan:

X^2 = chi kuadrat

O_{ij} = frékuénsi nu ditalungtik (*observation* / fo)

Tita Oktavian, 2017

HUBUNGAN PENGGUNAAN BAHASA SEHARI-HARI DENGAN KEMAMPUAN MENGGUNAKAN TATAKRAMA BASA DALAM MENULIS DIALOG SISWA KELAS X-A SMK YAPPRI JATINUNGGAL TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

E_{ij} = frékuénsi nu dipiharep (*expectation* / F_h)

(4) Ngitung Koéfisién kontigénsi C

Numutkeun Sugiyono (2016, kc. 239), rumus koéfisién kontigénsi C, nyaéta:

$$C = \sqrt{\frac{x^2}{N + x^2}}$$

Katerangan:

C = koéfisién kontigénsi

X^2 = chi kuadrat itung

N = loba data

(5) Nangtukeun darajat kabébasan (dk) kalawan rumus:

$$dk = (k-1)(r-1)$$

Katerangan:

k = jumlah sampel

r = jumlah katégori kamampuh ngalarapkeun tatakrama

(6) Nangtukeun nilai X^2 dina tabél;

(7) Nguji hipotésis

Sugiyono (2016, kc. 213) nétélakeun yén H_0 ditolak, lamun X^2 dina tabél leuwih leutik tibatan X^2 itung, atawa H_0 ditarima lamun X^2 dina tabél leuwih gedé tibatan X^2 itung.

Gambar 3.2
Padika Hipotésis

X^2 itung $>$ X^2 tabél, mangka H_0 ditolak

Atawa H_0 ditarima, lamun:

X^2 itung \leq X^2 tabél, mangka H_0 ditarima

Dina ieu panalungtikan, aya tilu sub variabel anu dikorélasikeun, nyaéta:

- 1) makéna basa sapopoé (di lingkungan keluarga, lingkungan sakola, lingkungan masarakat) jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman;
- 2) makéna ragam basa sapopoé (di lingkungan keluarga, lingkungan sakola, lingkungan masarakat) jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman; jeung
- 3) makéna basa sapopoé, ragam basa sapopoé (di lingkungan keluarga, lingkungan sakola, lingkungan masarakat) jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman.